



# MASSACHUSETTS Department of Early Education and Care

## Angajman pwofesyonèl pou timoun piti pou dòmi an sekirite pou redui risk pou sendwòm lanmò toudenkou pou tibebe (SIDS)

Tout founisè gadri k ap pran swen tibebe yo dwe angaje yo pou yo konfòme yo ak règleman EEC, règleman ak pwosedi konsènan dòmi an sekirite pou chak tibebe ki poko gen 12 mwa ki gen chaj yo.

Men sa yo enkli, men se pa sa sèlman, sa ki annapre yo:

### Pale sou dòmi an sekirite ak fanmi atravè:

- Diskite sou pratik dòmi an sekirite ak paran yo epi bay enfòmasyon sou dòmi an sekirite;
- Diskite sou pratik dòmi an sekirite ak paran yo epi bay enfòmasyon sou dòmi an sekirite;
- Enfòme paran yo sou pwosedi pwogram nan si gen yon ijans.

### Fè dòmi tounen yon tan an sekirite pa:

- Toujou mete tout tibebe ki poko gen 12 mwa dòmi sou do;<sup>1</sup>
- Toujou mete ti bebe yo nan yon bèso, yon bèso an pay oswa yon gwo bèso (pa janm mete yo nan yon kabann, chèz ki nan machin, balansin, sofa, oswa chèz) ki pa gen okenn jwèt, ki pa gen okenn nounous, epi ki pa gen kabann mou;
- Pa janm kouvri tèt yon tibebe;
- Mete tout tibebe k ap dòmi kote yo ka tande yo epi verifye yo souvan pandan y ap dòmi; (Remak: tout tibebe ki enskri nan pwogram gadri pou timoun ki poko gen 6 mwa yo dwe anba sipèvizon vizyèl dirèk tout tan pandan sis premye semèn yo nan swen yo.)
- Kenbe tanperati chanm nan konfòtab (ant 68-72 degré Fahrenheit); epi
- Kenbe anviwònman pou dòmi an san lafimen.

### Nan ka yon ijans, nou pral:

- Rele 911 imedyatman.
- Asire w omwen yon moun ki gen yon sètifikasi valab reanimasyon kadyopulmonè ak premye swen toujou prezan sou lokal la lè timoun yo prezan.

**Mwen konprann EEC ka pran aksyon negatif rapid e enpòtan si yo remake gen lòt vyolasyon ki gen rapò ak Dòmi an sekirite nan pwogram gadri mwen an, tankou konjelasyon enskripsyon tibebe mwen an, revokasyon, sispansyon, ak/oswa refize renouvle lisans pwogram mwen an.**

Siyati lisansye oswa reprezantan I

Dat

<sup>1</sup> Sòf si doktè sante tibebe a te bay lòd pou yon lòt pozisyon pou dòmi alekri, oswa tibebe a ka vire pou kont li epi li te vire sou do i poukout li.